

Kòman pou w peye prim ou an

Efektif 23 oktòb 2024, sit wèb e opsyon pou peman sou entènèt pou prim MassHealth oubyen Children's Medical Security Plan (CMSP) ou yo ap chanje. Ou ka alèkile sèvi ak Apple Pay, Google Pay epi PayPal anplis pase peman avèk kat debi, kat kredi, oubyen chèk elektwonik.

Ou ka fè peman lè w monte nan **govhub.com/ma/premium-billing/pay**.

Ou toujou ka peye nan telefòn lè w telefonnen (866) 421-7484 (anglè) oubyen (866) 481-1067 (espanyòl). Konnen tanpri, opsyon e mesaj gid nan meni a ap mete ajou tou.

Ou ka voye peman chèk oubyen money order nan adrès ki annapre a.

Commonwealth of Massachusetts
MassHealth Lockbox
PO Box 414745
Boston, MA 02241-4745